



KONSÒSYÒM HOME NAN KONTE SUFFOLK

PWOGRAM ASISTANS PREMYE PÈMAN

POU MOUN K AP ACHE KAY POU PREMYE FWA YO

DIREKTIV PWOGRAM LA POU 2018

Enpòtan: Tanpri konsève kopi Direktiv pwogram sa yo aprè ou fin voye aplikasyon an paske li genyen enfòmasyon enpòtan sou pwogram nan.

APLIKASYON YO DWE SOUMÈT 31 DESANM 2018 OPLITA

- OBJEKTIF:** Pou ede "Rèv Ameriken" pwopriyetè k ap achte kay pou premye fwa tounen yon reyalite nan Konsòsyòm minisipalite Konte Suffolk yo.
- ÈD SIBVANSYON:** Fon Asistans pèman Konsòsyòm HOME Konte Suffolk se prè yo bay ak yon to zewo pousan kòm enterè yo anile aprè 5 lane. Asistans yo bay la pral rive jiska \$ 14,000 pou aplikan ki kalifye pou èd ak premye pèman an pou achte yon rezidans kote yon sèl fanmi ap viv ak pwopriyetè an. Pwogram sa a pa finanse frè pou fèmti (closing) dosye vant la. Moun kap aplike a pral oblije siyen yon Nòt ak Ipotèk ki sibòdone a labank oswa enstitisyon an ki bay prè an epi ki pral bay ipotèk prensipal lan.
- KRITE PATISIPASYON:** Yon moun k ap aplike dwe:
 - Se yon Moun k ap achte Kay pou Premye Fwa. Defini nan Depatman Lojman Ameriken ak Devlopman Iben (HUD) tankou yon moun ki pa posede yon kay pandan yon peryòd twà lane tou swit anvan yo achte yon kay prensipal ak finansman HOME. Egzijans sa a valab pou veteran militè Ameriken ki posede yon DD-214, ki endike sèvis yo te onorab.
 - Se yon Moun ki gen Revni Ba jiska Mwayen. Tout moun ki se aplikan yo dwe gen yon revni brit chak ane ki pa depase 80% nan revni mwayen nan zòn la, jan HUD mande sa (gade tablo ki annapre a).
 - Pote deklarasyon taks sou revni ak resi chèk pèman (oswa lòt dokiman ki ka aplike yo) pou pwouve yon revni minimòm moun nan se omwen \$ 30,000.
 - Patisipe nan yon sesyon konsèy ipotèk nan yon ajans lojman **HUD sètifye** ki gratis epi soumèt prèzans ou (yon sètifika patisipasyon) avèk aplikasyon an. Chak non moun ki site nan ipotèk dwe patisipe nan konsèy sou ipotèk pou li ka kalifye.
 - Ou dwe gen ase resous lajan epi kredi pou kapab kalifye pou yon ipotèk.
 - Ou dwe abite nan pwopriyete ki an kesyon an tankou yon rezidans prensipal.
 - Ou pa dwe gen yon Kontra Lavant pou achte yon kay deja anvan Biwo Devlopman Kominotè Konte Suffolk (Suffolk County Community Development Office (SCCDO) te bay yon Sètifika pou achte.

4. **DIREKTIV PWOGRAM LA POU 2018:** Revni brit chak ane ki pi wo ki ototriz pou tout moun ki se aplikan yo pa ta dwe depase 80% nan revni zòn mwayen jan HUD mande sa. Yo tabli kantite sa yo anba a.

Kantite Moun nan Kay la	Revni ki Pi Wo ki Akseptab*	Revni chak ane Minimòm
1	\$65 350	\$30 000
2	\$74 700	\$30 000
3	\$84 000	\$30 000
4	\$93 350	\$30 000
5	\$100 850	\$30 000
6	\$108 300	\$30 000
7	\$115 750	\$30 000
8 epi plis	\$123 250	\$30 000

* Tanpri sonje revni ki pi wo ki aksepte a gen ladan li tout revni tankou lè sipleman, bonis, pansyon, sekirite sosyal, distribisyon 401-K, tep, elatriye. Revni brit ou pa ka depase revni anyèl ki pi wo an pou kantite moun ki nan kay ou. Lè wap revize aplikasyon w lan, SCCDO dwe prevwa revni ou pral touche an pou peryòd 12 mwa k ap vini an; yo fè sa pou kalkile sa w ap touche pandan y ap sèvi avèk resi chèk ou gen kounya yon lèt patwon ou bay pou verifye salè ou oswa yon Demann Verifikasyon Travay.

5. **Kotizasyon Moun k ap achte an:** Moun k ap aplike an gen egzijans pou li gen yon montan \$3 000 pou pi piti lajan pa li nan bank nan moman l ap aplike an. Byen moun k ap aplike an gen ki disponib pa dwe depase pri kay l ap achte an.

6. **Valè Limit Pwopriyete an:** Valè ki pi wo yo te fè yon estimasyon pou yon kay kote yon sèl fanmi kapab viv te achte nan Zòn Chwa Konsòsyòm HOME Konte Suffolk pa ka depase \$ 363,000 pou lojman ki deja fèt ak \$ 380,000 pou nouvo konstriksyon.

7. **KATEGORI LOJMAN KI ELIJIB:** Kay ki te fèt deja oswa ki fenk fèt pou yon sèl fanmi viv tabli li nan Zòn Chwa Konsòsyòm HOME Konte Suffolk dwe tankou yon kay prensipal, ki gen ladan li kay pou yon sèl fanmi viv, lojman sosyal ki gen plizyè mèt, apatman koperativ (co-ops) oswa kay prefabrike. Kay prefabrike yo dwe ale nan pwopriyete imobilye achtè an posede oswa pral posede.

8. **ZÒN GWOUPMAN:**

Tout mou ki aplike yo dwe achte yon kay nan Zòn Chwa Konsòsyòm HOME Konte Suffolk ki di anba la:

- **Vil Brookhaven** – epi vilaj Bellport lan, Lak Grove lan, Shoreham, Patchogue, ak Pò Jefferson lan.
- **Vil East Hampton** - ak Vilaj Sag Harbour lan
- **Vil Huntington** - tout vil la
- **Vil Riverhead** - tout vil la
- **Vil Shelter Island** - eksepte vilaj ki ladan li yo
- **Vil Smithtown** - ak Vilaj Branch la

- **Vil Southampton** - ak Vilaj Sag Harbour ki ladan yo, Southampton, Westhampton Beach epi Westhampton Dunes
- **Vil Southhold** - eksepte vilaj ki ladan li yo

* **Tanpri sonje komin nan Babilòn ak Islip p ap patisipe nan Konsòsyòm HOME minisipalite Konte Suffolk yo. Pwogram sa pa ka bay lajan pou achte kay nan vil sa yo.**

9. Konsèy ak Edikasyon ipotèk obligatwa: Moun k ap aplike yo dwe gen ase resous lajan epi kredi pou yo kapab kalifye pou yon ipotèk. Pou ede ou avèk pwosesis pou achte kay la, *li obligatwa pou tout moun ki aplike yo jwenn konsèy ipotèk fas-a-fas.* Kèk nan ajans imobilye yo nan lis anba a. Kapab genyen yon frè pou sèvis konsèy la. Òganizasyon sa yo gen yon bèl konesans nan domèn sa a epi yo kapab konseye w sou anpil fas nan acha yon kay ak pwoteje yon ipotèk. Menmsi li se responsablite moun ki aplike an pou pwoteje yon ipotèk, kèk nan ajans sa yo lojman ka ba w referans bank ki ofri sèvis ipotèk moun k ap achte kay pou premye fwa. Yo ka ede ou tou pou sòti nan nenpòt pwoblèm kredi ou ta ka genyen. Alò, yo konseye w pou pran yon randevou pi vit ou kapab. **Tout moun ki aplike yo oblije bay yon sètifika konsèy ipotèk ak aplikasyon yo kòm prèv yo te resevwa sèvis konsèy la.**

Tanpri klike sou lyen ki anba a pou wè yon lis ki konplè ajans HUD sètifye pou konsèy ipotèk ki gratis nan New York, pou jwenn yon klas nan zòn toupre w.

<https://apps.hud.gov/offices/hsg/sfh/hcc/hcs.cfm>

10. SÈTIFIKA MOUN K AP ACHTE AN: Y ap bay Sètifika pou Moun k ap achte yo bay moun ki aplike ki kalifye yo nan lòd SCCDO te resevwa aplikasyon yo. **Fon pou pwogram yo limite.** Sètifika achtè sa a, SCCDO bay, reprezante yon sòm ki rive jiska \$14,000 pou premye pèman pou acha yon kay yon sèl fanmi k ap viv ansanm nan menm kay kkote pwopriyete an ap viv tou.

Yo pral avize moun ki aplike yo lè yo bay tout Sètifika Moun k ap achte ki disponib yo epi yo te tabli yon lis datant. Aplikan ki kalifye yo te bay Sètifika Moun k ap achte yo ap gen 90 jou soti nan dat yo te bay Sètifika a pou soumèt yon kontra pou egzekite Vant nan SCCDO. Si ou pa retounen yon Kontra konplè pou egzekite Vant nan dat sa a, sa pral lakòz yo anile Sètifika Moun k ap achte yo otomatik. Sètifika Moun k ap achte yo ki te anile, yo pral bay nouvo sètifika ak moun ki aplike ki kalifye nan lis datant la nan lòd. Aprè ou fin fè yon kontra pou achte yon pwopriyete, kay pou yon sèl fanmi viv, moun ki aplike yo gen 90 jou pou asire yon ipotèk ak yon enstitisyon k ap prete ki rekonèt epi tou prè pwopriyete ki an kesyon an. Si acha a se pou yon **nouvo konstriksyon**, moun k ap aplike an ap gen 300 jou pou li egzekite acha pwopriyete a. Konte Suffolk rekòmande avoka ou oswa reprezantan o uta dwe mete yon pwopozisyon nan kontra ou a ki anile kontra a sizoka yo deside ou pa kalifye pou Pwogram Asistans pou Premye Pèman.

Tout aplikasyon yo gen rapò ak yon souskripsyon nan kad pwosesis revizyon SCCDO an. Kalkil souskripsyon yo pral fèt avèk enfòmasyon ki soti nan aplikasyon ipotèk bank lan (1003). To yo dwe gen rapò ak paramèt Konte Suffolk yo. Dèt Lojman pa rapò ak Revni, Dèt Total pa rapò ak Revni ak Kantite lajan ipotèk la pa rapò ak valè estime an.

To yo	Paramèt yo
To Fen an: DTI (Dèt Lojman sou Revni)	38%
To Kòmansman an: TDTI (Total Dèt sou Revni)	45%
Valè prè: LTV (Valè ki estime Mtg amt)	95%

11. ENSPEKSYON ESTANDA KALITE LOJMAN: Konte Suffolk egzije pou yo ka achte yon kay, li **dwe** reponn Estanda Kalite Lojman (Housing Quality Standards, HQS) avan ou resevwa Fon HOME. Konte Suffolk bay enspeksyon sa a epi li se sèlman pou objektif pou asire kay la nan yon bon eta, san danje epi san ite ann akò ak règleman HUD yo. SCCDO pral bay lòd fè enspeksyon an lè li resevwa yon ipotèk pou kay. San eksepsyon, pwogam **sa a p ap** finansye kay ki **echwe** nan Enspeksyon HQS la. Konte Suffolk la pa responsab nenpòt moun, pati, antite, aplikan, achtè, vandè, elatriye, pou pèt nenpòt depo epi/oswa premye pèman kay ki pa satisfè Enspeksyon HQS la. Enspeksyon sa a pa ranplase yon enspeksyon kay achtè an bay lòd fè. Kay ki echwe nan premye ak dezyèm enspeksyon an pa pral finanse.

12. POU JWENN ÈD SIBVANSYON: Kòm yon kondisyon pou jwenn asistans, aplikan yo oblije soumèt bay Biwo Devlopman Kominotè Konte Suffolk lan dokiman sa yo pi vit yo disponib:

- Sètifika Konsèy Ipotèk
- Akò avan Kontra ki ranpli ak siyen. Akò sa a pral bay tout aplikan ki kalifye yo nan moman an yon Sètifika Moun k ap achte kay.
- Kopi Kontra Lavant ki ranpli ak siyen.
- Rapò enspeksyon vizyèl yon enspektè penti ak plon EPA sètifye. Yon enspektè penti ak plon EPA sètifye dwe ranpli rapò sa a oswa soumèt prèv kay lan te konstwi aprè 1978.
- Kopi aplikasyon Ipotèk: yo konnen li tou sou non fòmilè 1003.
- Kopi Evalyasyon Pwopriyete an kesyon an.
- Kopi obligasyon Ipotèk la.
- Akò Asistans pou Premye Pèman yon notè siyen epi ki ranpli kòrèkteman.

Nan Lòd pou resevwa asistans, aplikan ki elijib yo pral oblije siyen bon pèman Konte Suffolk epi yon Nòt ak Ipotèk pou garanti kondisyon prè yo. Tanpri sonje aplikan yo kap achte yon apatman koperativ pral oblije siyen yon Nòt ak Sekirite Sosyal epi Konte Suffolk pral depoze yon deklarasyon UCC-1 nan lòd pou jwenn asistans sibvansyon an. Anvan pou soumèt li, tanpri asire ou aplikasyon w lan ak tout dokiman ki akonpaye yo konplè epi egzat. Kou SCCDO resevwa li, nenpòt chanjman ki fèt nan aplikasyon ou an ka fè aplikasyon ou an riske pou yo mete l nan fen lis aplikasyon an.

13. **RESTRIKSYON:**

- Lè w ap chache yon kay, pwopriyete an kesyon ki pou achte an pa ka deplase yon lokatè ki deja la. Kay la dwe vid, okipe pa mèt kay la, pwopriyete an okipe li oswa achte an antanke yon lokatè. Tou de (2) achte an ak vandè an pral oblije siyen yon "AKÒ PRE-KONTRA" nan lòd pou verifye restriksyon sa a pa bafwe. Y ap **voye** dokiman sa a **lè yo bay Sètifika achte a**.
- Aplikan an pa dwe fè yon Kontra Lavant pou achte pwopriyete an anvan yo apwouve li pou Pwogram Asistans Premye Pèman Konsòsyòm HOME Konte Suffolk la epi SCCDO ba li yon Sètifika Achte.
- Tout kay ki te konstwi anvan 1978 dwe pase yon enspeksyon vizyèl pou detekte prezans penti ki abaz plon. Yon enspektè penti ak plon EPA sètifye dwe ranpli rapò sa a. Kay ki te bati aprè 1978 yo egzante nan egzajans sa a epi aplikan yo dwe soumèt prèv fè sa a.
- Ipotèk prive pa akseptab. Ipotèk dwe pase nan yon enstitisyon k ap prete lajan ki gen lisans epi ki ofisyèl.
- Vant ozanchè pa akseptab. Pa gen sezi yo pèmèt.
- Okenn pwopriyete ki pou labank pa otorize.
- Ko-anprentè yo/ko-siyatè yo/moun k ap bay garanti yo pa otorize.
- Finansman a 100% pa otorize.
- Enterè Ipotèk ak to k ap chanje ak prè ipotèk ak to k ap chanje yo pa otorize.
- Prè "San Dokiman" oswa prè san verifikasyon enterè pa otorize.
- Prè 80/20 yo pa otorize.

14. **FÈMEN:** Konte Suffolk pral bay aplikan an lajan yo nan moman y ap fèmen an (closing). Yon reprezantan Biwo Devlopman Kominotè Konte Suffolk la ap la nan moman y ap fèmen vant lan epi li pral bay chèk la.

Asistans Premye Pèman se yon prè pèman ki bay ak yon to zewo pousan y ap remèt nan fen senk (5) lane an si kay la pa vann, transfere osinon lwe. Moun k ap resevwa yo pral oblije verifye yo toujou ap viv nan pwopriyete ki finanse pou senk (5) lane Nòt ak Ipotèk la.

15. **Re-Sètifikasyon chak Ane:** Tout aplikan ki kalifye yo ki resevwa asistans preman pèman an ap oblije viv nan pwopriyete an tankou kay prensipal yo pou tout senk (5) lane yo. Biwo Devlopman Kominotè a rezève dwa li pou fè yon enspeksyon an pèsòn nan kay la pandan chak lane nan peryòd abòdabilite (5 lane) la.

Y ap voye yon afidavit chak ane bay benefisyè sibvansyon an nan lapòs pou verifye alekri pwopriyete an nan yon bon eta ak an konfòmite avèk règ sa yo:

- Benefisyè sibvansyon yo se pwopriyete aktyèl pwopriyete an.
- Pwopriyete an abite aktyèlman kòm rezidans prensipal benefisyè sibvansyon an.
- Pwopriyete an byen asire ak konsève ann akò avèk kondisyon ki nan Nòt ak Ipotèk la oswa Nòt la ak Akò Sekirite Sosyal la.
- Pa gen okenn enterè nan pwopriyete an ki te vann, lwe oswa transfere. Gen yon peryòd senk (5) ane ki nesèsè pou pwogram lan, aprè yo pral kite Nòt ak Ipotèk la epi okenn ranbousman

pa obligatwa. Aprè yon peryòd senk (5) lane abòdabilite, SCCDO pral bay pwopriyetè kay la yon "Satisfaksyon ipotèk". Tanpri sonje pwopriyetè kay la ap responsab pou tout frè ki gen rapò avèk klasman Satisfaksyon ipotèk la nan Biwo Grefye Konte Suffolk la.

Si ou vann kay la anvan peryòd 5 lane an fini oswa kay lan rive nan dosye sezi, montan Sibvansyon Dirèk HOME moun k ap achte kay ap redwi pa 20% nan fen chak ane nan peryòd abòdabilite la. Oswa si ou an vyolasyon ak restriksyon 5 lane abòdabilite yo. Nou pral mande pou ranbousman kantite lajan konplè Asistans Premye Pèman an.

Tablo ki anba la a pran egzanp yon sibvansyon orijinal \$14,000:

Kantite lajan yo dwe reprann:	Peryòd Okipasyon an:
\$14 000	Jiska 12 mwa
\$11 200	13 mwa jiska 24 mwa
\$8 400	25 mwa jiska 36 mwa
\$5 600	37 mwa jiska 48 mwa
\$2 800	49 mwa jiska 60 mwa
\$0	Nan fen 60 mwa

PWOSEDI APLIKASYON: Asire ou mete **tout dokiman ki obligatwa** yo ak aplikasyon ou an **jan sa di nan lis verifikasyon aplikasyon an. Yo p ap konsidere** aplikasyon yo ki pa konplè. Aplikasyon konplè yo pral evalye sou baz sa k rive an premye an, se sa a y ap travay sou li anpremye. Aplikasyon yo kapab tounen nan lapòs nan USPS nan:

Suffolk County Community Development Office
 Attention: Down Payment Assistance Program
 H. Lee Dennison Building – 2nd Floor
 100 Veteran’s Memorial Highway
 Hauppauge, N.Y. 11788-0099

- ◆ Si ou vle konfimasyon livrezon, ale nan biwo lapòs la epi soumèt aplikasyon demann nan "Lèt sètifye, Demann Akize Resepsyon" paske SCCDO **pa ka konfime resepsyon an nan telefòn.**
- ◆ **Pa voye okenn dokiman orijinal; Biwo pou Devlopman Kominotè Suffolk la pa responsab pou voye yo retounen.**
- ◆ **Pakè Aplikasyon yo ka pa delivre bay moun nan fas-a-fas** nan edifis H. Lee Dennison nan Veteran Memorial Highway nan Hauppauge. Yo dwe sele nan yon anvlòp. Pral gen yon panye ki sekirize pou depoze bagay yo nan Biwo Sekirite ki nan koulwa rantre an.
- ◆ Yo pral mete aplikan yo okouran si yo kalifye **nan lèt lapòs sèlman**, kou yo fin pran yon desiyon.

YO ANKOURAJE APLIKAN YO POU TAPE ENFÒMASYON YO NAN APLIKASYON AN.
NÒM YO AK APLIKASYON KAPAB TELECHAJE
PANDAN W AP KLIKE SOU SIT ENTÈNÈT KONTE SUFFOLK KI ANBA A:

www.scdownpayment.com

Konte Suffolk gen tout dwa pou anile ak/oswa anile nenpòt Sètifika acha ki bay pou lane 2018 la Pwogram Asistans Premye Pèman Konsòsyòm HOME Konte Suffolk ki baze sou disponibilite finansman epi nenpòt chanjman nan kalifikasyon patisipan an avan yo fè closing lan paske finansman an limite.

Konte Suffolk pa responsab pou nenpòt moun ki pèdi premye pèman an oswa nenpòt lòt domaj ki ka rive kòm rezilta echèk aplikan an pou respekte kondisyon ki nan Règ Estanda Pwogram Asistans Premye Pèman Konsòsyòm HOME Konte Suffolk pou lane 2018 la, jan sa endike nan dokiman sa a.

Tanpri konsève direktiv pwogram la (paj 1-7) epi soumèt pòsyon aplikasyon an ki nan paj 8 a 16



KONSÒSYÒMHOME KONTE SUFFOLK

PWOGRAM ASISTANS PREMYE PÈMAN POU MOUN K AP ACHTE KAY POU PREMYE FWA YO

APLIKASYON LANE 2018 LA

**Sa a se yon PDF ou kapab ranpli. Yo ankouraje aplikan yo
pou yo tape enfòmasyon yo, poutan, TANPRI SONJE
aplikasyon yo PA KONPLÈ jiskaske tout dokiman yo mande
yo te soumèt nan Biwo Devlopman Kominotè a.**

Yo P AP TRAVAY SOU Aplikasyon ki pa konplè.

Tanpri asire w ou **KENBE DIREKTIV PWOGRAM la (paj 1 a 7)**, lè w voye aplikasyon an,
paske li gen enfòmasyon enpòtan sou pwogram nan.

Dat limit pou soumèt aplikasyon an se **31 desanm 2018**.

**FON PWOGRAM LAN LIMITE EPI YO PRAL BAY PRÈ YO BA KANDIDA KI
KALIFYE SOU LABAZ PREMYE A KI VINI, SE SA A KI PRAL RESEVWA
ANPREMYE.**

Si ou pa bay enfòmasyon konplè ak egzat l ap lakòz diskalifikasyon ou otomatikman.

1. Non Aplikan an: _____
Prenon Dezyèm non Siyati

Adrès _____

Adrès postal (Si li diferan ak sa anlè a) _____

Nimewo Telefòn Kay la _____ Nimewo Telefòn Selilè _____

Moun ki te bay li travay la: _____ Nimewo Telefòn Travay _____

Tcheke si li p ap travay:

Paran ki rete lakay Andikape Retrete Lòt (_____)

2. Non Aplikan: _____
(pa bezwen sou ipotèk la) Prenon dezyèm prenon Siyati

Adrès _____
Adrès Ri _____ Komin _____ Kòd Postal _____

Adrès postal (Si li diferan ak sa anlè a) _____

Nimewo Telefòn Kay la _____ Relasyon ak Aplikan N° 1: _____

Nimewo Telefòn Selilè _____

Moun ki te bay li travay la: _____ Nimewo Telefòn Travay _____

Tcheke si li p ap travay:

- Paran ki rete lakay Andikape Retrete Lòt (_____)

APLIKASYON PWOGRAM ASISTANS PREMYE PÈMAN KONTE SUFFOLK

3. Kantite Moun ki nan Kay la _____ (dwe konfòm ak Seksyon 10 lan)

4. Èske ou se yon Sitwayen Ameriken? Aplikasyon nimewo 1: WI _____ NON _____
Aplikasyon nimewo 2: WI _____ NON _____

Si ou reponn NON, ou se yon etranje rezidan legal? Aplikasyon nimewo 1: WI _____ NON _____
Aplikasyon nimewo 2: WI _____ NON _____

Si ou reponn WI, ou gen obligasyon pou bay prèv estati legal rezidans ou avèk aplikasyon an.

5. Èske ou posede yon kay pou kounye an? Aplikasyon nimewo 1: WI _____ NON _____
Aplikasyon nimewo 2: WI _____ NON _____

6. Èske ou te posede yon kay nan (3) lane ki sot pase yo la?
Aplikasyon nimewo 1: WI _____ NON _____
Aplikasyon nimewo 2: WI _____ NON _____

Si youn nan aplikasyon yo reponn "WI" nan kesyon 6 lan, eksplike ki sikonstans kifè ou pa posede yon kay ankò: _____

❖ Èske ou se yon veteran militè Ameriken? Aplikasyon nimewo 1: WI _____ NON _____
Aplikasyon nimewo 2: WI _____ NON _____

Si ou reponn WI, ou mande pou bay yon fòm DD-214 k ap deklare ou te gen yon dechaj onorab, ansanm avèk aplikasyon an k ap retire ou nan kategori moun k ap achte kay pou premye fwa.

7. Èske ou posede plizyè pwopriyete?
Aplikasyon nimewo 1: WI _____ NON _____
Aplikasyon nimewo 2: WI _____ NON _____

8. Èske w ap abite nan kay ou achte kòm kay prensipal ou?
Wi _____ NON _____

9. Ekri non nenpòt moun nan kay la ki andikape.



APLIKASYON PWOGRAM ASISTANS PREMYE PÈMAN KONTE SUFFOLK

OU DWE REPONN NI KESYON 10a NI KESYON 10b:

Yo mande enfòmasyon sa yo nan objektif estatistik ak rapò sèlman, pou konfòme ak egzijans federal konsènan opòtinite egalego yo.

Repons ou yo p ap gen okenn efè sou patisipasyon ou pou pwogram sa a.

10a. Ras Chèf Kay la: Èske ou se Latino?

Wi _____ Non _____

EPI

10b. Ras Chèf Kay la:

____ (11) Blan

____ (12) Nwa oswa Afriken Ameriken

____ (13) Azyatik

____ (14) Endyen Ameriken oswa moun ki soti Alaska

____ (15) Abitan Zile Aayi Natif Natal oswa Lòt Zile Pasifik

____ (16) Endyen Ameriken/Abitan Alaskan Natif Natal epi Blan

____ (17) Azyatik epi Blan

____ (18) Nwa oswa Afriken Ameriken

____ (19) Endyen Ameriken/Abitan Alaska Natif Natal epi Nwa/ Afriken Ameriken

____ (20) Lòt Miltirasyal

____ (21) Azyatik/Moun ki abite nan Zile Pasifik

APLIKASYON PWOGRAM ASISTANS PREMYE PÈMAN KONTE SUFFOLK

11. **Site chak moun k ap viv avèk ou nan kay la.** Kòmanse ak tèt pa ou epi tanpri mete ladan li timoun k ap viv ak gadyen li (ki viv avèk ou omwen 50% nan tan li), mari oswa madanm, fiyanse, patnè lavi, paran, zanmi, elatriye (kèlkeswa relasyon).

1	Prenon	Siyati	Pran youn: Gason oswa Fi	Tèt ou	Revni Anyèl
	Nimewo Sekirite Sosyal: ➡		Dat Nesans: ➡		
2	Prenon	Siyati	Pran youn: Gason oswa Fi	Relasyon ak nimewo 1	Revni Anyèl
	Nimewo Sekirite Sosyal: ➡		Dat Nesans: ➡		
3	Prenon	Siyati	Pran youn: Gason oswa Fi	Relasyon ak nimewo 1	Revni Anyèl
	Nimewo Sekirite Sosyal: ➡		Dat Nesans: ➡		
4	Prenon	Siyati	Pran youn: Gason oswa Fi	Relasyon ak nimewo 1	Revni Anyèl
	Nimewo Sekirite Sosyal: ➡		Dat Nesans: ➡		
5	Prenon	Siyati	Pran youn: Gason oswa Fi	Relasyon ak nimewo 1	Revni Anyèl
	Nimewo Sekirite Sosyal: ➡		Dat Nesans: ➡		
6	Prenon	Siyati	Pran youn: Gason oswa Fi	Relasyon ak nimewo 1	Revni Anyèl
	Nimewo Sekirite Sosyal: ➡		Dat Nesans: ➡		
7	Prenon	Siyati	Pran youn: Gason oswa Fi	Relasyon ak nimewo 1	Revni Anyèl
	Nimewo Sekirite Sosyal: ➡		Dat Nesans: ➡		
8	Prenon	Siyati	Pran youn: Gason oswa Fi	Relasyon ak nimewo 1	Revni Anyèl
	Nimewo Sekirite Sosyal: ➡		Dat Nesans: ➡		



APLIKASYON PWOGRAM ASISTANS PREMÈ PÈMAN KONTE SUFFOLK

12. Travay Kouny a: Fè lis tout patwon kounye a yo pou chak salarye ki genyen plis pase 18 lane non yo make sou lis la nan seksyon # 11 lan. Mete sou yon fèy apa si gen nenpòt lòt patwon toujou. Pa mete non ansyen patwon yo.

Non ou:	Moun ki te bay li travay la:	Revni Anyèl brit: \$
	Adrès biwo:	
	Tit travay	Anplwaye a plen tan WI / NON Tanpri antoure chwa ou an
	Dat li te jwenn travay la:	

Non ou:	Moun ki te bay li travay la:	Revni Anyèl brit: \$
	Adrès biwo:	
	Tit travay	Anplwaye a plen tan WI / NON Tanpri antoure chwa ou an
	Dat li te jwenn travay la:	

Non ou:	Moun ki te bay li travay la:	Revni Anyèl brit: \$
	Adrès biwo:	
	Tit travay	Anplwaye a plen tan WI / NON Tanpri antoure chwa ou an
	Dat li te jwenn travay la:	

Non ou:	Moun ki te bay li travay la:	Revni Anyèl brit: \$
	Adrès biwo:	
	Tit travay	Anplwaye a plen tan WI / NON Tanpri antoure chwa ou an
	Dat li te jwenn travay la:	

13. LÒT SOUS REVNI: Fè lis tout sous revni ki pa salè ou (pa egzanp, sekirite sosyal, andikap, chomaj, revni retrèt, lajan aksidan moun k ap travay, revni investisman, bonis, elatriye) epi di frekans yo peye li (pa egzanp, chak semèn, chak mwa, chak ane, elatriye.) epi bay prèv (lèt prim, deklarasyon chak ane, elatriye).

Non Moun ki Reponn nan:	Sous Revni	Montan	Frekans
		\$	
		\$	
		\$	
		\$	

APLIKASYON PWOGRAM ASISTANS PREMYE PÈMAN KONTE SUFFOLK

14. ENFÒMASYON LABANK: Tanpri bay enfòmasyon ki valab kounye a pou chak kont labank chak granmoun nan kay la gen epi voye kopi twa dènye mwa labank/eta kont yo pou chak kont ki di anba la a. Li gen ladan li tou kont pou moun ki pran retrèt, tankou kont 401-K, IRA, aksyon, obligasyon, kont mache lajan, sètifika depo (kont CD), elatriye. Moun k ap aplike an gen egzijans pou li gen yon montan \$3 000 pou pi piti lajan pa li nan bank nan moman l ap aplike an.

Metè sou yon fèy separe pou nenpòt lòt patwon.

Non (yo) ki nan kont lan: _____

Non Bank lan:			
Nimewo Kont la:			
Balans Aktyèl (tankou nan dat jodi an):			
Chèk Kont Tip:	Ekonomi		
	Verifikasyon		
	Lòt		

Non (yo) ki nan kont lan: _____

Non Bank lan:			
Nimewo Kont la:			
Balans Aktyèl (tankou nan dat jodi an):			
Chèk Kont Tip:	Ekonomi		
	Verifikasyon		
	Lòt		

Non (yo) ki nan kont lan: _____

Non Bank lan:			
Nimewo Kont la:			
Balans Aktyèl (tankou nan dat jodi an):			
Chèk Kont Tip:	Ekonomi		
	Verifikasyon		
	Lòt		

Non (yo) ki nan kont lan: _____

Non Bank lan:			
Nimewo Kont la:			
Balans Aktyèl (tankou nan dat jodi an):			
Chèk Kont Tip:	Ekonomi		
	Verifikasyon		
	Lòt		

APLIKASYON PWOGRAM ASISTANS PREMYE PÈMAN KONTE SUFFOLK

Tanpri li tout paj sa a epi siyen anba a.

Mwen otorize pou Biwo Devlopman Kominotè Konte Suffolk pataje enfòmasyon finansye mwen epi pou yo divilge yo ba Biwo Devlopman Kominotè Konte Suffolk sou non mwen an rapò ak aplikasyon sa a pou Pwogram Asistans Premye Pèman Konte Suffolk an. Otorizasyon sa a gen ladan revelasyon tout enfòmasyon finansye ak dokiman bay Biwo Devlopman Kominotè Suffolk nan tout kote mwen te aplike pou kredi, pou yon ipotèk oswa enfòmasyon ki nan men nenpòt patwon.

Mwen konprann si mwen bay fo enfòmasyon oswa enfòmasyon ki pa konplè, sa pral diskalifye **mwen** nan kad Pwogram Asistans Premye Pèman nan Konte Suffolk epi/oswa sa reprezante yon zak kriminel. Si nenpòt nan enfòmasyon yo ki bay nan aplikasyon sa a chanje anvan yo fèmen vant la (closing), se responsablite mwen pou m mete okouran Biwo pou Devlopman Kominotè nan Konte Suffolk pandan m ap ekri pou yon desizyon ajou konsènan kalifikasyon mwen an. Si mwen pa fè closing pou yonkay nan sis (6) mwa dat kalifikasyon an, mwen konprann mwen pral oblije voye enfòmasyon aktyèl finansye mwen ankò epi dokiman pou detèmine si mwen toujou ranpli kondisyon pou patisipe nan pwogram nan. Se pou kandida kontinye kalifye pou pwogram lan soti nan moman aplikasyon an pou bay asistans sibvansyon an jiska dat pou fè closing lan.

Mwen konprann se pa yon òf epi tèm ak kondisyon Pwogram Asistans Premye Pèman Konsòsyòm HOME nan Konte Suffolk lan ka chanje nenpòt lè selon sa Depatman Lojman ak Devlopman Iben (HUD) oswa nan Biwo Devlopman Kominotè Konte Suffolk deside. Mwen konprann avi Biwo Devlopman Kominotè Suffolk bay yo ka fèt nenpòt jan Biwo Devlopman Kominotè Suffolk la deside, ikonpri ak piblisite sèlman

Mwen Konprann epi aksepte ke Konte Suffolk pa responsab pou nenpòt moun ki pèdi premye pèman an oswa nenpòt lòt domaj ki ka rive kòm rezilta echèk aplikan an pou respekte kondisyon ki nan Pwogram Asistans Premye Pèman Konsòsyòm HOME Konte Suffolk la, jan yo endike a.

Mwen Konprann epi mwen rekonèt mwen te li tout Pwogram Asistans pou Premye Pèman pou Moun k ap achte kay pou premye fwa pou lane 2018 la.

Siyati Aplikan an

Dat la

Siyati Aplikan an

Dat la

AVÈTISMAN: Seksyon 1011 Tit 18 Kòd Etazini konsidere se yon zak kriminel lè yo fo deklarasyon entansyonèlman oswa yo bay enfòmasyon ki pa vre bay nenpòt depatman oswa ajans nan ki anba konpetans jiridiksyonèl li nan nenpòt fason.



APLIKASYON PWOGRAM ASISTANS PREMYE PÈMAN KONTE SUFFOLK

Lis Dokiman Ki Obligatwa yo

❖ Itilize lis sa a pou asire ou pakè aplikasyon ou an konplè.

❖ Aplikasyon ou an p ap konsidere kòm konplè sof si tout dokiman ki aplikab yo ladan li.

❖ Aplikasyon ki pa konplè yo, yo p ap travay sou yo pou konnen si ou kalifye.

❖ **Dat limit pou soumèt aplikasyon an se 31 desanm 2018.**

- Aplikasyon Asistans Premye Pèman Konsòsyòm HOME Konte Suffolk **siyen epi date** nan lane 2018.
- Sètifika konsèy ipotèk **siyen ak date** ki soti nan yon ajans konsèy ipotèk HUD ki sètifye.
- De (2) mwa youn dèyè lòt chèk pèman resan** ki montre salè brit dat ak ane pou tout moun ki nan kay la ki gen plis pase 18 lane. Si salè pou ane a pa gen ladan chèk pèman, yon lèt patwon an siyen ou sou papyè ak antèt konpayi an ki obligatwa. Lèt lan dwe di pozisyon ou, salè anyèl ou epi/osinon to pèman, avèk kantite lè ou travay chak semèn. Biwo Devlopman Kominotè Konte Suffolk ka mande pou ou bay plis chèk pèman pou verifeye revni ou.
- Kat (4) deklarasyon aktyèl bank/eta finansye konsekitif** ak tout paj pou chak kont labank ki ka aplike. Silvouplè Moun (yo) k ap aplike an oblije gen yon montan \$3,000 pou pi piti lajan pa li nan labank nan moman l ap aplike an pou li gen dwa pou li patisipe nan Pwogram Asistans Premye Pèman Konsòsyòm HOME Konte Suffolk pou lane 2018 lan.
- Kopi deklarasyon taks federal IRS 1040 ou te siyen** avèk tout kalandriye ak deklarasyon W-2 yo ki obligatwa pou twa (3) dènye ane ki te pase yo (2017, 2016 ak 2015). Si ou deklare yo an liy, silvouplè siyen tout dokimandeklarasyon yo avan ou voye yo.
- Relve nòt lekòl** pou tout moun ki nan kay la ki gen 18 lane k ap resevwa kèk tip revni (si sa aplikab).
- Kopi dokiman** pou avantaj Sekirite Sosyal, Revni pou Andikap, Revni Pansyon, Chomaj, elatriye (si sa aplikab).
- Akò Separasyon** osinon Ak Divòs (si sa aplikab).
- Prèv estati legal rezidans** (si sa aplikab).
- Pou veteran militè Ameriken sèlman:** pou evite estati achtè kay pou premye fwa, yon fòm akonplisman DD-214 pou verifeye dechaj onorab.

Ou ka voye aplikasyon an tou nan:
Community Development Office
100 Veteran's Memorial Highway
H. Lee Dennison Building – 2^{yèm} Etaj
Hauppauge, NY 11788

